



Association pour la Promotion de la Langue Wolof en République Islamique de Mauritanie (APROLAWORIM)  
tel : 22 46 29 72



Association pour la Renaissance du Pulaar en République Islamique de Mauritanie (ARPRIM)  
tel : 46 96 19 58



Association Mauritanienne pour la Promotion de la Langue et de la Culture Sooninké (AMPLCS)  
tel : 46 40 03 69

## Caabal : Làkk wuy boole ñépp, mooy ndëgërlaayu bennoo askan ak wuute ci caada yi ci Móritani

\*Mbooloo mbootaayu làkk ak caada yi ëmb mbootaay yii : Mbootaay ngir dundalaat làkkum pulaar ci Móritani (ARPRIM), Mbootaayu Móritani ngir fésal Làkk ak caadaay Sooninke (AMPLCS), ak Mbootaay giy fésal Làkku Wolof (APROWLA)ñoo giy xamle seen njàqare jém ci kàddu yi fiy jib ci fan yii ci fépp ci biir réew mi aju ci mbirum làkki réew mi te mu yàgg indi jafe-jafe ci xalaatu waa réew mi, ci wàllu làkk yi ci Móritani.

Dëgg la sax, yenn taxawaay yi ak ñaxtu yi mën nañu yàq yelleefi aada ak làkku ñu bari ci doomi Móritani. Loolu mën na gëna nasaqal bennoo gi am ci réew mu bari ay lakk ak cosaan yu wuute ci taarix.

Rax ci dolli, gis-gis yooyu di beddiwaate ñoom seen bopp, méngoo wu ñu ak sàrtu ndayu réewum Móritani ak taxawaay yu mag yi sunu réew jël, rawatina:

- Dëggoo bu UNESCO tëral ci atum 2005 ci wàllu aar ak dooleel wuute gi am ci wàllu caada, mooy sàkku ci réew yi ñu gën dooleel làkk yu wuute te fexe ba askan wi mën a jëfandikoo làkk wi ci wàllu njàng, tas xibaar ak liggéey .
- Pasu Àdduna bi ñeel yelleefi siwil ak politik (Ponk 27), muy nangu yelleefi askan ci ñu am sañ-sañu «jëfandikoo seeni làkk.»
- Sartu Afrig ci yelleefi doomi Aadama ak askan yi (ponk 17), mooy aar askan wu nekk seen yelleefu Aada, seen làkk ak seen jém kanamu làkk.

Bi ñuy càmbare waxtaan wii, mën na jur ay tekki yu bari ak jaxasoo yi ñuy réccu, nun, ñii di mbootaayu Aad ak Cosaan ak Sàmm làkk yi te lëkkaloo , danuy ñaan ñu amal politiku làmmiñal buy boole ñépp, bu ñu sukkandiku ci yamale gëdd làkki réew mi yépp, ci ngëm bu jaar yoon, joxante cér ak bokk ngor. Ci dëgg, loolu dafay tekki ponk yii:

1. ofiselisasion bu jaar yoon ci Pulaar, Sooninke ak Wolof, jaare ko ci yoon wu leer buy leeral seen wareef, seen barabi jëfandikoo ak pexe yu wóor yi ñu leen di jëfandikoo.
2. gën a gaaw ci yamale njàngale ci làkki réew mi ci daara yu njëkk yi, ni ko BREDA/UNESCO digale ci jàngat yi ñu def ci atum 1984, ak ci njëwriñ ji ñu dénk wàllu njàngum réew mi ci atum 1988. Loolu mooy ndëgërlaay bu am solo ngir njàngale mu baax, bu ñépp bokk ci yamale.

3. gën a xëcc làkk yu bari ci anam wu jaar yoon, day jox solo làkk yi — rawatina làkku nasaraan ak angale , muy jumtukaayi liggéey, jäng ak ubbeeku ci àdduna.

Gëm nañu ni Moritani du mëna tabaxu benn yoon bu nara yàgg su joxe cér làkk yi ci bépp yelleef bu ci bokk. Fexe ba làkki réew mi yépp nekk làkk yi ñu daganal, loolu dafay tekki ni doomi Moritani yépp ñoo bokk yam ci réew mi .

Kon koordinaasion bu Mbootaayi Aada yi dafay ñaan ñu taxawal politigu làkk bu jaar yoon, boole ñépp ci mu jëm kanam, muy wóoral élég ci ñu bokk, bennoo ci askan wi ak jämm ju sax.

**Nuaksot, 20 mai 2025**

**Koordinaasion bi**